

## **BAB I BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Pangajaran sastra di sakola miboga tujuana pikeun ngawanohkeun karya sastra ka siswa. Ngaliwatan pangajaran sastra di sakola méré kasempatan ka siswa sangkan miboga pangaweruh jeung rasa reueus tur rasa cinta kana sastra.

Rusyana (1982: 6) nétélakeun yén tujuan pangajaran sastra téh nya éta pikeun manggihan pangalaman jeung pangaweruh sastra. Ku ayana pangalaman sastra dipiharep siswa mampu neuleuman ajén-ajén anu di pidangkeun dina karya sastra jeung mampu ngébréhkeun pangalaman éstétisna kalayan maké media basa, boh lisan boh tulisan.

Sastra mangrupa salasihiji bagéan tina seni. Ciri utama seni nya éta ayana unsur éstétis (kaéndahan), ku kituna sastra sok dihartikeun basa atawa tulisan nu éndah. Kaéndahan dina karya sastra henteu ngan aya dina unsur basana, nu leuwih utama mah nyoko kana eusina nya éta sagala hal anu ditepikeun dina karya sastra téh mangrupa tarékah pikeun ngahontal bebeneran (Sumarsono, 1984 : 9)

Dina cara nepikeun sastra kabagi dua bagian nya éta lisan jeung tulisan. Sastra lisan nya éta sastra anu sumebarna sacara lisan (caritaan). Sastra tulisan nya éta sastra anu sumebarna ku cara tulisan, boh tulisan leungeun atawa cetakan.

Salasihiji karya sastra anu sumebarna sacara lisan nya éta dongéng. Dongéng téh kabagi kana lima rupa, nya éta fabel (anu nyaritakeun sastoan), parabel (dongéng jalma biasa), legenda (dongéng sasakala), sage (dongéng anu eusina ngandung sajarah) jeung mite (dongeng anu aya patalina jeung hal-hal gaib)

Rusyana (1922:18) nétélakeun yén dongéng téh kaasup kana golongan nyarita, umumna carita anu parondok. Dina dongéng sok aya bagian anu pamohalan, upama dina jalan caritana, palakuna, atawa waktu kajadianana. Dongéng kaasup kana wangun lancar (prosa), tapi sakapeung-kapeungeun sok disélangan ku wangun ugeran (puisi) anu disebut kawih.

Iskandarwassid (1992: 32) Dongéng téh ngaran sala sahiji golongan carita, dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung sok aya bagéan anu dikawihkeun, umumna parondok. Turun-tumuruna jeung sumebarna ku cara lisan.

Jadi dongéng téh bagean tina golongan nyarita jeung biasana parondok, aya bagéan anu pamohalan, miboga jalan carita jeung palaku sarta kaasup kana wangun lancar (prosa). Ku kituna dongéng mah sok di déngékeun ku barudak anu pikirana masih kénéh kawatesanan. Dongéng oge bisa pikeun hiburan, contona waé lamun budak rék saré biasana sok di pangdongéngkeun ku kolotna sangkan éta budak babari saré, atawa ceuk paribasa mah dongéng téh paranti ngabobodo nu céngéng. Dina kagiatan ngadongéng aya nu di baca aya nu di lisankeun (nyarita), berarti ngadongéng téh kaasup kana opet kaparigelan basa nya éta maca, nyarita, nulis jeung ngaregepkeun. Nyarita mangrupa prosés komunikasi, prosés parobahan wujud pikiran atawa rasa.

Dina nyarita, tangtu manusa miboga gagasan anu béda-béda. Dina cara nepikeun gagasana ku cara nyarita, dina cara ngawujudkeuna kudu mernah sangkan kaharti, dina lentong, dina éntép seureuhna sangkan éta caritaan puguh kadéngéna tur kaharti.

Dongéng mangrupa matéri pangajaran anu geus aya dina kurikulum sarta ditepikeun luyu dina SKKD (Standar Kompetensi jeung Kompetensi dasar) anu disusun dumasar peraturan daérah propinsi Jawa Barat no 5 taun 2003. Ngeunaan ngamumulé basa, sastra jeung aksara daérah nu netepkeun basa sunda salasihiji mata pelajaran du diajarkeun di lembaga pendidikan di Jawa Barat. KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) mangrupa slalahiji pedoman pikeun ningkatkeun pangajaran basa sunda sangkan leuwih interaktif sarta mampu mekarkeun kompetensi dasar jeung indikator pangajaran luyu jeung standar kompetensi dina ngahontal katantuan diajar anu maksimal.

Dumasar hasil observasi kaayaan pangajaran dongéng di sakola mangsa kiwari masih tetep di mumulé ku cara di ajarkeun ka siswa dina ngeunaan dongéng, naon ari dongéng, kumaha cara ngadongéng jeung sajabana, sok sanajan masih keneh loba sakola-sakola anu kurang bener-bener kana ngajarkeun pangajaran dongéng. Dongéng kasebutna carita rakyat anu loba pamohalan na tur sipatna kuno keneh, tapi ari ku cara ngajarkrun anu bener-bener bisa numbulkeun rasa karesep kana dongéng. di sakola masih keneh loba siswa anu resep kana

pangajaran dongéng, tapi maranéhna ngan saukur resep kana ngaregepkeun wungkul tapi lolobana teu pati apal cara jeung prak-prakan ngadongéng anu hadé.

Kaayaan dongéng di masarakat mangsa kiwari kawilang geus jarang. Kamajuan jaman jeung teknologi minangka nu jadi cukang lantaran masarakat ayeuna geus teu pati resep kana dongéng, oge kana kasadaran sepuh barudak nu geus teu ngawanohkeun deui barudak kana dongéng. Conto na waé baheula mah lamun budak rék sare sok dipangdongéngkeun atawa dongéng téh sok disebut alat pikeun ngabobodo nu céngéng, apanan ayeunamah cukup ku lalajo TV jeung maén game. Ku kituna sanajan pangajaran dongéng di sakola di ajarkeun, ari di masarakat na teu di mumulé mah angger waé laun-laun mah nu ngarana dongéng téh bisa leungit.

Dumasar kana panalungtikan anu geus di paluruh, kiwari masih keneh loba siswa SMA anu masih keneh kawilang handap dina ngadongéng. Hal ieu bisa dilantrankeun alatan siswa kurang atawa teu miboga élmu anu jembar ngeunaan ngadongéng. Kulantaran kitu di ayakeun tes ngadongeng ngagunakeun metode deskripsi korélasi. Siswa di tés kamampuh ngadongéng dina segi ngaawasa basa atawa kompetensi linguistik sarta dina performansi, satuluyna dikorelasikeun naha aya korelasi anu signifikan antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongeng.

Cindekna yén dina kagiatan nyarita mangrupa kagiatan pikeun ngebrehkeun eusi haté, pikiran, ngaliwatan basa lisan. Dina kagiatan nyarita kabagi dua macem diantarana nyarita dina situasi resmi jeung nyarita dina situasi teu resmi. Nyarita dina situasi béda jeng nyarita teu resmi. Nyarita teu resmi tangtu teu masalah pikeun siswa SMA mah, misalkeun nyarita di hareupeun babaturan di hareupeun babaturana. Nyarita resmi tampolana sok ngarasa geumpeur saupama siswa dititah ka hareup pikeun nyarita atawa ngébréhkeun hiji hal contona waé ngadongéng.

Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métode déskriptif korélasional, nya éta pikeun nalungtik kajadian-kajadian anu keur lumangsung. Métode déskriptif dipilih lantaran hayang manggih masalah masalah anu disanghareupan. métode korélasional digunakeun pikeun ngadéskripsikeun

ngeunaan kamampuh siswa dina ngawasa basa atawa kompetensi linguistik sarta performansi dina ngadongéng.

Saméméh ngayakeun ieu panalungtikan diantarana aya nu nalungtik ngeunaan dongéng anu judulna “ *Métode Démontrasi Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Siswa Dina Ngadongéng (Studi kuasi eksperimén ka Siswa Kelas-11 SMAN 1 Tasikmalaya Taun Ajar 2012/2013)* kénging Rosi Gasanti anu miboga hasil anu alus. Aya oge nu nalungtik dongéng judulna “*Kamampuh Ngadongéng siswa SMK Kencana Bandung*” anu ngukur kamampuh ngadongéng siswa. Tapi bedana panalungtikan simkuring mah ngagunakeun métode korélasi pikeun ngadeskripsikeun naha aya korélasi anu signifikan antara kamampuh dina ngawasa basa atawa kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung.

Ku sabab kitu ieu panalungtikan perlu dilakukeun nya éta sangkan mikanyaho kumaha kamampuh nyarita dina dongéng anu ngawengku kompetensi linguistik jeung performansi, ku sabab dina kagiatan nyarita, teu sakabéh manusa téh lancar dina nyarita komo deui nyarita di hareupeun jalma réa saperti ngadongéng di hareupeun kelas. kitu simkuring baris ngayakeun ieu panalungtikan.

Dumasar hal éta, panalungtikan ngeunaan “Korelasi Antara Kompetensi jeung Performansi Ngadongéng Siswa Kelas X SMAN 20 Bandung Taun Ajar 2013-2014” perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Rumusan jeung Watesan Masalah**

### **1.2.1 Rumusan Masalah**

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah ieu di handap:

- 1) Kumaha kompetensi linguistik dina ngadongéng siswa SMAN 20 Bandung?
- 2) Kumaha performansi (kawani, gerak-gerik, jeung pasemon) dina ngadongéng siswa SMAN 20 Bandung?
- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara kamampuh kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng ?



### **1.2.2 Watesan masalah**

Masalah anu jadi objék dina ieu panalungtikan nya éta kumaha kamampuh ngadongéng siswa kelas X SMAN 20 Bandung. Aya sababaraha aspek penting dina ngadongéng diantarana ditilik tina kompetensi basa atawa kamampuh ngawasa basa anu ngawengku lentong, diksi, lafal, korelasi antara eusi pedaran jeung jejer, sarta struktur kalimah. Dina performansi nya éta ngawengku kawani, tagog/gerak-gerik, jeung pasemon. Satuluyna dikorélasikeun Sangkan apal naha aya korélasi anu signifikan antara kompetensi linguistik jeung performansi siswa kelas X SMAN 20 Bandung.

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan umum**

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun informasi ngeunaan aya atawa henteuna korélasi anu signifikan antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng.

#### **1.3.2 Tujuan husus**

Luyu jeung masalah anu baris di talungtik, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Kompetensi linguistik siswa kelas X SMAN 20 Bandung dina ngadongéng.
- 2) Performansi (kawani, gerak-gerik, jeung pasemoan) siswa kelas X SMAN 20 Bandung.
- 3) Korélasi antara kompetensi linguistik jeung performansi siswa kelas X SMAN 20 Bandung.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeng magpaat praktis, sakumaha anu dipedar ieu di handap.

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun system pendidikan, sarta pikeun ngamotivasi panalungtik

séjéna pikeun nalungtik leuwih jero ngeunaan kaparigelan dina nyarita (ngadongéng). Ku ayana panalungtikan ieu bisa nambah kaparigelan dina nyarita.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Aya sababaraha mangpaat praktis di antarana:

- 1) Pikeun guru  
Bisa mikanyaho kana kamapuh siswa kelas X SMAN 20 Bandung dina ngadongéng.
- 2) Pikeun murid  
Pikeun pengetahuan sarta ngalatih kawani dina nyarita di hareupeun jalma balaréa.
- 3) Pikeun umum  
Pikeun nambahan ambahan pikeun pangajaran anu leuwih lega.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Dina Bab I dideskripsikeun bubuka nu ngawengku kasang tukang tina masalah anu baris ditalungtik, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh anu ngawengku mangpaat praktis boh mangpaat téoritis, sarta raraga tulisan dina ieu skripsi.

Dina Bab II dideskripsikeun rupaning tatapakan téori dina kompetensi jeung performansi ngadongéng nu ngawengku wangenan nyarita (ngadongéng), rupa-rupa dongéng, ciri-ciri dongéng, tujuan ngadongéng, tahap-tahap ngadongéng, téhnik ngadongéng, latihan ngadongéng, kritéria ngadongéng, kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng, SKKD pangajaran ngadongéng, pangajaran ngadongéng dina KTSP. Salian ti éta, dina ieu bab dipedar ngeunaan asumsi sarta hipotésis tina panalungtikan anu dilaksanakeun.

Dina Bab III dideskripsikeun ngeunaan métodologi anu digunakeun dina ieu panalungtikan, boh jenis métode panalungtikan boh cara prak-prakan ngolah data tina hasil panalungtikan, sumber data anu digunakeun dina panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, sarta wangenan operasional.

Deden Herdiana, 2013

KORÉLASI ANTARA KOMPETENSI JEUNG PERFORMANSI NGADONGÉNG SISWA KELAS X SMAN 20 BANDUNG TAUN AJAR 2013/2014

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina Bab IV didésripsikeun ngeunaan hasil panalungtikan anu ngawengku prak-prakana panalungtikan, analisis data hasil panalungtikan, jeung medar uji korélasi antara kompetensi linguistik jeung performansi dina ngadongéng.

Dina Bab V didésripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan sarta saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.

